

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

Panalungtikan (*research*) mangrupa usaha sangkan faham kana fakta sacara rasional émpiris nu dilaksanakeun ngaliwatan prosedur kagiatan nu tangtu, luyu jeung cara nu ditangtukeun ku panalungtik. Dina kontéks panalungtikan istilah “fakta” miboga harti teu sarua jeung kanyataan, tapi leuwih condong kana hiji hal tina kanyataan *éxact*, sarta éta hal téh dumasar kana kasadaran, pangalaman, jeung pamahaman hiji jalma kana hal anu dipikirkeunana.

Anu dipikirkeun ku hiji jalma tacan tangtu sacara konkrit bisa di tempo atawa kapanggih dina kahirupan nyata nu sabenerna. Upamana sifat hiji jalma kagambarkeun dina ucapan jeung paripolahna. Riwayat hirupna kagambarkeun dina hasil rekaman dokumen tinulis atawa lisan anu sok disebut autobiografi atawa biografi. Dua istilah kasebut mangrupakeun dokumén penting pikeun ulikan widang-widang sajarah, sosiologi, jeung budaya.

Hakékatna panalungtikan kabudayaan mangrupakeun usaha sangkan paham kana fakta jeung kaayaanana. Upamana dina nalungtik ideologimasyarakat Sunda di pangumbaraan, geus tangtu barang anu disebut *ideologi* téh moal kapanggih dimana baé ogé, lantaran fakta anu disebut *ideologi* ayana diwakilan ku kanyataan anu béda-béda. Ku sabab kitu, dina kontéks panalungtikan kabudayaan, *They always think reflectively, historically, and biographically* (Denzin jeung Lincoln, dina Maryaéni, 2008: 2). Eta cutatan téh mangrupa konsep, yén dina ulikan budaya panalungtik kudu ngalaksanakeun prosés mikir sacara réfléktif. Lebah dieu miboga harti, yén pikeun ngagambarkeun fakta, panalungtik kudu ngalaksanakeun sababaraha kali déskripsi dumasar kana kanyataan langsung anu bisa diindrakeun (diindrakan).

Dumasar kana kompléksitas masalah anu digarap, dina metode panalungtikan kualitatif kudu dilaksanakeun sababaraha tahapan sakumaha pedaran ieu di handap.

3.1. Metode Panalungtikan

Sacara umum, ieu panalungtikan mangrupa panalungtikan budaya anu ngagunakeun pamarekan kualitatif. Puseur panitén ieu panalungtikan nekenkeun kana perkara struktur jeung semiotik dina upacara adat nikah Sunda. Ieu panalungtikan kaasup kana studi kasus tunggal (*embedded case study*) ku sabab pasualan jeung fokus panalungtikanana geus ditangtukeun saméméh panalungtik ancrub ka lapangan (Sutopo, 2002:112).

Metode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta metode déskriptif. Nurutkeun Sukmadinata (2009:72), metode déskriptif mangrupa metode pikeun ngadéskripsikeun atawa ngagambarkeun rupa-rupa fénoména, boh anu sifatna alamiah boh jijiyeunan atawa rékayasa, kalawan museurkeun ulikanana kana wangun, kagiatan, karakteristik, parobahan, patalina, sasaruuan, sarta bédana jeung fénoména lianna. Nu didéskripsikeun dina ieu panalungtikan, nya éta runtuyan jeung ma'na atawah harti simbol-simbol anu nyampak dina upacara adat nikah Sunda kalawan objektif dina hiji déskripsi situasi.

1.2. Téhnik Panalungtikan jeung Ngolah Data

1.2.1. Tehnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan anu digunakeun nya éta observasi, dilaksanakeun sangkan paham *substantif* boh ka individu, boh ka kelompok anu ngalaksanakeun upacara adat nikah Sunda. Ari wawancara digunakeun pikeun meunangkeun data ngaliwatan wawancara terstruktur jeung teu terstruktur ka nara sumber anu dianggap paham tur nyaho runtuyan jeung ma'na upacara adat nikah Sunda. Sedengkeun talaah pustaka atawa analisis eusi (*content analysis*) digunakeun pikeun maluruh bahan pustaka jeung data anu aya patalina jeung pasualan anu ditalungtik. Analisis dina upacara adat nikah Sunda dumasar pamarékan struktur jeung, sémiotik, pikeun ditafsirkeun jeung dima'naan tina aspék atikan, moral, filsafat, jeung kapercayaan.


1.2.2. Tehnik Ngolah Data

Data intertékstual jeung *datasosio-kultural* patali jeung budaya populér, dipaluruh tina rupa-rupa tulisan anu mangrupa buku-buku atawa makalah ngeunaan upacara adat nikah Sunda jeung informasi atawa warta dina média masa, boh citak, internét, boh éléktronik, anu medal taun 2010 jeung 2011. Data anu kakumpulkeun diréduksi dumasar kana kritéria ayana unsur kajadian-kajadian atawa pasualan-pasualan social budaya, boh anu sipatna pribadi, kelompok masarakat nu tangtu, boh masarakat umum.

Dina waktu ngumpulkeun data, instrumén anu dipaké nyaéta catetan jeung rékaman prak-prakan upacara adat nikah Sunda. Catetan pikeun ngalengkepan hasil rékaman anu dijadikeun sumber data. Sabada éta, unggal runtuyan prak-prakan upacara adat nikah Sunda nu geus jadi sumber data panalungtikan, dibandingkeun jeung runtuyan upacara adat nikah Sunda tina hasil talaah pustaka. Saterusna dicurahan ma'na, harti, jeung tujuan nu nyangkaruk dina runtuyan upacara adat nikah Sunda kaasup barang-barang katut simbul-simbul nu dipaké.

Linguistik jadi panitén poko dina ieu panalungtikan, sedengkéun aspék motif jeung sosial budaya jadi pangdeudeulna pikeun paham perkara konsép budaya jeung sistem

ajén-inajén anu lumaku. Prosédur analisis data nu dilakukeun mangrupa téhnik analisis interaktif, nyaéta analisis data kualitatif nu ngawengku tilu galur kagiatan (réduksi data, midangkeun data, katut nyindekkeun jeung vérifikasi) nu dilaksanakeun sacara babarengan, sakumaha bagan ieu di handap.



Bagan 1: Téhnik Analisis Interaktif (Miles jeung Huberman, 1992:16)

Saméméh nganalisis, data nu geus dikumpulkeun téh diklasifikasikeun ngaliwatan téhnik-téhnik sakumaha anu geus disebutkeun di luhur. Sabada diklasifikasikeun, data diréduksi ngaliwatan prosés seléksi, museurkeun, ngabasajankeun, jeung abstraksi data kasar. Data téh diseléksi ku jalan milah-milah kalawan tujuan meunangkeun ma'na jeung fungsi nu tangtu ditilik tina puseur pasualan panalungtikan. Sedengkeun midangkeun data mangrupa hiji prosés nyusun (ngarakit) atawa ngaorganisasikeun informasi nu kapaluruh patali jeung kagiatan nyindekkeun jeung vérifikasi.

Kagiatan nyindekkeun jeung vérifikasi mangrupa léngkah penting dina prosés panalungtikan. Nyindekkeun hasil panalungtikan téh didadasaran ku kagiatan ngaorganisasikeun informasi nu dicangking dina kagiatan analisis data. Sabada éta, dilaksanakeun tafsiran intéléktual kana kacindekan-kacindekan nu dicangking.

Dumasar kana masalah dina ieu panalungtikan, prosédur analisis data téh ngawengku léngkah-léngkah sakumaha ieu di handap.

- 1) Maca sakabéh data,
- 2) Ngarékap data upacara adat nikah Sunda,
- 3) Ngaidéntifikasi jeung nalaah karakteristik upacara adat nikah Sunda, anu patali jeung perkara:

- a. Ngaidéntifikasi jeung nalaah kasang tukang sosial budaya nu nyampak dina upacara adat nikah Sunda, patali jeung aspék lokatif (lokasi kajadianana di wewengkon pasantrén, masarakat biasa, atawa komunitas adat nu tangtu), aspék wengkuan jejer (kajadian atawa pasualan téh sipatna tradisional atawa modéren), aspék eusi jejer (kajadian atawa pasualan téh mangrupa jolna tina alam nyata atawa alam hayalan), jeung aspék gender (karakteristik basana has di lingkungan awéwé, atawa lalaki),
- b. Ngaidéntifikasi jeung nalaah wangun struktur upacara adat nikah Sunda,
- c. Ngaidéntifikasi jeung nalaah upacara adat nikah Sunda, patali jeung atikan kapercayaan, jeung moral,
- d. Nalaah upacara adat nikah Sunda patali jeung unsur semiotikna sangkan meunang gambaran perkara ma'na anu nyangkaruk di jerona, patali jeung ma'na silib, sindir, simbul, siloka, jeung sasmita.
- e. Nyusun kacindekan,

Sangkan kacindekan panalungtikan leuwih nyoko kana udagan kalawan lengkep jeung bisa dipertanggungjawabkeun leuwih jero, digunakeun triangulasi. Ieu tahap dilaksanakeun ngaliwatan koréspondénsi jeung wawancara ka sababaraha narasumber.

Luyu jeung rumusan sarta watesan masalah di luhur, ieu panalungtikan baris museur kana analisis struktur upacara adat nikah Sunda nu mangrupa runtuyan prak-prakanana,

jeung unsur semiotik nu ngawengku silib, sindir, simbul, siloka, jeung sasmita. Anujadisumber data primer dina ieu panalungtikan, nya éta sakabéh data anu ngandung unsur-unsur runtuyan (struktur) jeung unsur semiotik anu aya dina upacara adat nikah Sunda.

Format Tabel 1

Struktur Upacara Adat Nikah Sunda dina Buku/Masyarakat

No	Runtuyan UANS dina Buku		
	<i>Bab Adat2 Oerang Priangan jeung Oerang Soenda Lian ti Éta (1913).</i>	<i>Upatjara Adat di Pasundan (1964)</i>	<i>Modana (1977)</i>
1	2	3	4

Format Tabel 2

Barang/Pakakas Upacara Adat Nikah Sunda dina Buku/Masyarakat

No	Ngaran Barang/ Pakakas dina Buku	Barang/Pakakas UANS di Masyarakat			
		UANS 1	UANS 2	UANS 3	UANS 4
1	2	3	4	5	6

Keterangan:

UANS : Upacara Adat Nikah Sunda

UANS 1 : Upacara Adat Nikah Sunda Analisis kahiji

UANS 2 : Upacara Adat Nikah Sunda Analisis kadua, jst.

Hasil ulikan anu ngagunakeun Format Tabel 1 jeung 2 aya dina Bab IV

1.3. Sumber Data

3.3.1. Populasi

Sumber data nu digunakeun dina ieu panalungtikan gumantung kana runtuyan analisis jeung runtuyan mikir anu geus ditangtukeun. Pikeun nohonan kabutuhan sakumaha anu kaunggel dina runtuyan analisis jeung runtuyan mikir kasebut, diperlukeun data anu mangrupa data tékstual, intertékstual, jeung sosio-kultural.

Data tékstual anu digunakeun mangrupa naskah upacara adat nikah Sunda anu dipilih didadarkeun kana ayana unsur ajén-inajén budaya. Kaitung réa pisan upacara adat nikah Sunda téh boh anu mangrupa buku, boh rékaman upacara adat nikah Sunda anu dilaksanakeun ku masarakat Sunda. Pikeun kaperluan ieu panalungtikan digunakeun sababaraha upacara adat nikah Sunda nu lumangsung di Kota Bandung, Kota Cimahi jeung Kabupaten Garut antara taun 2010 jeung taun 2011. Unggal runtuyan upacara adat nikah Sunda nu dijadikeun sumber data, tacan tangtu ngawakilan sakabéh upacara adat nikah Sunda anu aya di éta daérah. Sok sanajan kitu, mudah-mudahan katitén jeung kapaluruh sasaran atawa bédana runtuyan prak-prakan upacara adat nikah Sunda, ogé ma'na anu nyangkaruk dina simbul-simbul anu digunakeun dina upacara adat nikah Sunda

3.3.2. Sampel

Patali jeung waktu, waragad, katut kasempetan meunangkeun sumber data, tangtuna moal baris karawél kalawan gembleg sakumaha nu dipiharep, boh patali jeung

wewengkon, boh komunitas panalungtikan, ku kituna minangka sumber data diwatesanan dina runtuyan jeung harti atawa ma'na nu nyangkaruk dina runtuyanana katut barang-barang anu digunakeun dina upacara adat nikah Sunda ti kulawarga Bapa H. Eka Santosa (Kota Bandung), Kulawarga Bapa H. Aa Sasmita (Kota Cimahi), jeung Kulawarga Bapa Uken Tjadikin (Kabupaten Garut).

